

FÒM POU PLANIFYE TRANZISYON

Massachusetts egzije kòmanse lè timoun ki kalifye gen 14 zan pou IEP ki devlope pou ane a, distri lekòl la dwe planifye sèvis tranzisyon timoun nan bezwen epi distri lekòl la dwe anrejistre diskisyon sa a chak ane. Nou dwe kenbe fòm sa a ansanm ak IEP a epi re-gade li chak ane.

Elèv	SASID:	Laj:
Dat fòm a ranpli:		
Dat li sipoze gradye:	Dat IEP li gen kounye a kòmanse _____	fini: _____
Dat li sipoze gen rekòmandasyon 688, si genyen:		

PLAN APRE LEKÒL SEGONDÈ

Ekri PLAN APRE LEKÒL SEGONDÈ pitit la genyen nan espas vid ki pi ba a. Ansanm ak fanmi an, konsidere sa elèv la prefere ak sa ki enterese li, ak ki kote li ta renmen ale lekòl/ pran fòmasyon, travay, ak kijan li ta renmen viv lè li fini ak lekòl segondè. Pati sa a dwe menm ak plan li te genyen nan IEP 1.

BAGAY LI BEZWEN POU ANDIKAP LA

Ekri bagay li bezwen konn fè (ki gen pou wè ak andikap la) pou satisfè objektif ak/ou sèvis IEP nan espas vid ki pi ba a. Konsidere tout bagay elèv la pral bezwen konn fè (ki gen pou wè ak andikap la) pou li ka reyisi ak plan li pou apre lekòl segondè.

Elèv _____ Dat fòm a ranpli: _____

PLAN AKSYON

PLAN AKSYON an gen yon lis ki di kijan elèv la ap kapab devlope kapasite pou gen detèminasyon epi prepare nan lekòl ak nan lavi a pou fè tranzisyon lè l fini ak aktivite lekòl pou reyisi ak plan apre lekòl segondè yo. Montre kijan Ansèyman Adapte/Ansèyman jeneral, fanmi, moun ki ofri sèvis pou adilt ak lòt moun nan kominote a ka ede elèv la devlope bagay li bezwen konn fè yo. **Nou dwe mete bezwen ki gen pou wè ak andikap la nan paj 1.**

Devlope PLAN AKSYON pou elèv la reyisi ak **PLAN APRE LEKÒL SEGONDÈ** a. Pou fè sa ekri yon lis bagay elèv la pral bezwen kapab fè ak klas, fòmasyon ak aktivite elèv la pral bezwen patisipe nan yo. Mete enfòmasyon sou ki moun ki pral ede elèv la aplike chak etap an patikilye nan Plan Aksyon ki pi ba a.

- **Enstriksyon:** Èske gen yon seri klas oswa yon klas an patikilye elèv la bezwen pran pou li ka reyisi ak plan apre lekòl segondè li a? *Konsidere klas oswa bagay elèv la pral bezwen kapab bezwen aprann fè. Bagay sa yo kapab genyen ladan yo klas ansèyman jeneral ak/ou enstriksyon ansèyman adapte, ansèyman pou karyè oswa teknik, ak/ou preparasyon pou apre lekòl segondè tankou fòmasyon pwofesyonèl oswa kolèj kominotè.*
- **Travay:** Èske gen opòtinite pou travay oswa yon bagay an patikilye elèv la bezwen aprann fè pou li ka reyisi ak plan apre lekòl segondè li a? *konsidere posiblite travay a tan pasyèl, pwogram pou ede jwenn travay, pwojè pou aprann sèvis, pwogram pou patisipe nan eksperyans travay, al gade moun k ap fè yon travay ki enterese l, estaj, pratike jan pou ekri rezime (CV) /pase antrevi, itilize yon sant ki gen tout resous ou bezwen yon sèl kote a ak bagay pou w aprann an patikilye tankou sèvis kliyantèl, teknoloji, elatriye.*
- **Eksperyans nan kominote / Lavi apre lekòl:** Èske gen yon sèten kalite eksperyans nan kominote a ak/oswa eksperyans granmoun elèv la bezwen viv pou li ka reyisi ak plan apre lekòl segondè li a? *Konsidere bagay tankou patisipasyon nan kominote a ki baze sou eksperyans, aprann jan pou jwenn aksè nan resous pou kominote a poukont li, konstwi relasyon ak lòt moun, jere lajan li, aprann jan pou jwenn swen medikal, itilize sèvis transpò ak aprann jan pou li òganize.*